

# Yon Lavi Fyète: Konprann Dwa Moun LGBTQIA+ yo



Nan Vil New York, diskriminasyon kont yon moun poutèt oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl toutbon oswa sipoze li, se bagay ki **illegal**. Sa gen ladan l diskriminasyon kont ekspresyon seksyèl, kont moun ki pa ni gason ni fi, epitou kont yon moun poutèt sèks yo sipoze li genyen. Pwoteksyon sa yo valab nan anpil domèn, tankou nan travay, nan lekòl, nan zafè lojman, epitou nan espas piblik. Lwa sou Dwa Moun Vil New York la pwoteje kominote LGBTQIA+ yo kont reprezay, pèsèkasyon ki baze sou diskriminasyon, ak analiz sikolojik ki baze sou prejije lapolis.

## 5 BAGAY TOUT MOUN TA DWE KONNEN SOU PWOTEKSYON MOUN LGBTQIA+ YO NAN VIL NEW YORK

1. Moun LGBTQIA+ yo gen dwa a yon tretman egalego nan travay, nan lojman ak nan espas piblik. Refize sèvi yon moun oswa trete li avèk patipri poutèt oryantasyon seksyèl li oswa idantite seksyèl li, se bagay ki ilegal.
2. Patwon yo pa ka enpoze ni nòm ni règ abiman ki baze sou estereyotip seksyèl.
3. Ou pa bezwen montre “prèv” idantite seksyèl ou pou yo rele w non ak pwonon ou chwazi yo, oswa pou w sèvi avèk enstalasyon ki pi ale avèk idantite seksyèl ou.
4. Yon mèt lojman pa ka trete w yon lòt jan poutèt ni oryantasyon seksyèl ou ni idantite seksyèl ou. Sa vle di li pa ka ni refize lwe w yon lojman, ni enpoze w yon lwaye pi wo, ni anpeche w jwenn sèvis, ni refize fè reparasyon poutèt oryantasyon seksyèl ou oswa idantite seksyèl ou. Ou gen dwa pou w viv san pèsèkasyon tou nan men mèt lojman w lan, pèsònèl li a, ak lòt lokatè yo.
5. Patwon w dwe ba w menm avantaj li ofri tout lòt manm yo nan pèsònèl li a, kèlkeswa oryantasyon seksyèl ou oswa idantite seksyèl ou.

## POU RAPÒTE DISKRIMINASYON



22 Reade Street  
New York, NY 10007



212-416-0197



[www.NYC.gov/CCHR](http://www.NYC.gov/CCHR)  
[@NYCCHR](https://twitter.com/NYCCHR)